



PERKUMPULAN DHARMAPUTRI  
SEKOLAH DASAR KATOLIK MATER DEI

Jln. Suroyo, No. 36 Probolinggo 67211 Telp/Fax. 0335 - 422631

Website: [www.sdkmaterdei.sch.id](http://www.sdkmaterdei.sch.id) e-mail: [materdeisdsk@yahoo.com](mailto:materdeisdsk@yahoo.com)



# LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK BAHASA JAWA PEWAYANGAN

NAMA : .....  
KELAS / NO : V A / .....



 **LIVEWORKSHEETS**

## Wayang kulit

Saka Wikipédia Jawa, bauwarna mardika basa Jawa

**Wayang Kulit** iku pagelaran wayang ingkang mbabaraké lakon mahabharata utawa ramayana kang wayangé digawé saka kulit. Jinising wayang iki kang paling disenengi ing Tanah Jawa. Wayang iki digawé saka kulit kang ditatah lan diéntha kaya déné manungsa. Lumrahé wayang kulit nglakonaké lakon Wayang Purwa, nanging ana uga kang nganggo Carita Menak lan Babad Tanah Jawa, carita agama (Kristen, Buda), perjuwangan, lan manéka warna carita liyané.

Wayang kulit dilakokaké ing layar putih kang sinebut *kelir*. Déné wayang-wayang iku ditancepaké ing debog ana ing sisih tengen lan kiwané dhalang. Gamelan kang ana ing sisih mburi ngiringi pagelaran iki. Pagelaran wayang wis diakoni déning UNESCO ing tanggal 7 November 2003, dadi karya kabudayan kang édi péni ing babagan carita dongéng lan warisan kang berharga banget (*Masterpiece of Oral and Intangible Heritage of Humanity*). Suwaliké, UNESCO nyuwun supaya Indonésia njaga (*preserve*) warisan iku.<sup>[1]</sup>



Jawaben pitakon ing ngisor iki kanthi nggeser pilihan jawaban sing bener!

1. Wayang Kulit iku pagelaran wayan ingkang mbabaraké lakon Mahabharata utawa

kang wayangé digawé saka kulit.

2. Jinising wayang iki kang paling disenengi ing

3. Wayang iki digawé saka kulit kang ditatah lan diéntha kaya déné manungsa  
dilakoake dening

4. Wayang kulit dilakokaké ing layar putih kang sinebut .

5. Déné wayang-wayang iku ditancepaké ing  ana ing sisih  
tengen lan kiwané dhalang.

6.  kang ana ing sisih mburi ngiringi pagelaran iki.

ramayana

Tanah Jawa

kelir

gamelan

debog

dhalang



Wacanen kanthi tliti banjur jawaben pitakon ing ngisor iki!

Pandhawa iku cacahé ana lima, mula terus kaprah diarani Pandhawa Lima. Puntadewa ya Yudhistira minangka putra pambayun(putra nomer siji ), watak ambeg darma lan nrima ing pandum sarta adoh ing hawa kamurkan.

Raden Werkudara ya Bima sena gedhe dhuwur lan gagah prakosa kang nomer loro, Raden Janaka ya Kumbang Ali-ali kang kondhang ngganthenge, prigel lan trampil manah minangka panengahe Pandhawa, dene Nakula Sadewa mujudake satriya kembar kang uga duwe watak utama, ambeg darma, lan luhur bebudene. Wiwit cilik mula wis katon luhuring budi, seneng tetulung, welas asih marang sapa wong kang nandhang kasangsaran.

Raden Puntadewa iku peparab liyane Yudhistira, Dwijakangka, Gunatalikrama, Darmakusuma, kratone manggon ing Ngamarta utawa Indraprasta. Panjenengane kagungan garwa Dewi Drupadi putra putrine Raden Drupada, ratu ing Negara Cempala utawa Pancala.

Werkudara satriya ing Jodipati garwane aran Dewi Arimbi. Arjuna satriya ing Madukara garwane Dewi Sembadra lan Srikandi. Nakula Sadewa satriya ing Sawojajar. Cethane Pandhawa lima iku watak lan tindak tanduke kena kanggo tepa patuladhane para kawula mudha. Apamaneh kadigdayan lelimane mujudake satriya kang pilih tandhing.

Pranyata menawa dideleng ing antarane Pandhawa lan Kurawa iku isih kadang, sebab Pandhawa iku putrane Prabu Pandhudewanata. Sedenge Kurawa iku putrane Prabu Destrarastra. Prabu Pandhu Dewanata iku kaprenah adhine Prabu Destrarastra.

Apa sebabe dene ing antarane kadang Pandhawa lan Kurawa ora bisa rukun? Iki amarga Dewi Gendari kepingin digarwa dening Prabu Pandhu Dewanata nanging kena apa kok malah diwenehake marang kangmase sing wuta iku ?. Mula banjur nibakake pangipat-ipat manawa besuk saturun-turunne bakal dadi mungsuh bebuyutan



Pasangno soal karo jawaban sing bener kanthi narik garis !

- |                                             |              |
|---------------------------------------------|--------------|
| 1. <u>Raden Werkudara</u> uga diarani ..... | Dewi Drupadi |
| pawakane gedhe dhuwur lan gagah             | Bima Sena    |
| prakosa.                                    | Dewi Arimbi  |
| 2. Pandhawa sing jeneng liyane Yudhistira   | Puntadewa    |
| yaiku ....                                  | tetulung     |
| 3. Pandhawa sing duweni kepinteran trampil  | Janaka       |
| manah yaiku ....                            | Sawojajar    |
| 4. Pandhawa iku purane ....                 | Puntadewa    |
| 5. Prabu Destarasta duweni anak kang        | Kurawa       |
| aran ....                                   |              |
| 6. Nakula Saweda kuwi kembar manggon        |              |
| ana ing ....                                |              |
| 7. Putra pambarepe pandhawa lima yaiku      |              |
| ....                                        |              |
| 8. Garwane Puntadewa yaiku ....             |              |
| 9. Garwane Werkudara yaiku ....             |              |
| 10. Salah sijine watake Pandhawa yaiku      |              |
| seneng ....                                 |              |



Arane gambar wayang ing ngisor!

